ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№129 (21.537) ● 2009 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 14, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Ди гъуэгухэр

Европей мардэхэм тращІыхь

УФ-м Транспортымкіэ и министерствэм и Федеральнэ гъэзэг агентствэм автомобиль гъуэгухэр зекъэныкъэ хьумэныкіэ и Іуэхущіапіэм и унафэщі Астахов Игорь КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен къыз эрыжриІаныкІэ, Шэджэмэ Налшыкрэ я кум дэль автомобиль гъэзугр, лъэмыжри хыхьэу, европей мардэхэм тету зэрагъэпэщыжынущ. Абы щхьэкІэ етІанэгъэ щегъэжьауэ федеральнэ бюджетым ахъщэ кьыхэкІынущ.

РЕСПУБЛИКЭМи Унафэщіыр а хьыбарым щыгуфІыкІащ, сыту жыпІэмэ, езыри куэд щІауэ мы Іуэхум яужь итт.

- Фэри зэрыфщІэщи, гъуэгухэр, псом япэу ди кьалащхьэм кьекІуалІэхэр, республикэр фІыкІэ кьезыгъэщІыху Іуэхугъуэхэм ящыщщ. Аэрэ кьуэкІэнэхуи, кьеГъэбыдэкІын хуейщ. Сэ пщэрыльэ ящыщщІащ гъуэгубгъуэм кІыхьлІыхь щыхьуэ ухуэныгъэхэр и кІэм нагъэсыну, псэуалъэжьхьэмрэ ныкъуэжьутэхэмрэ Іуахыну, - кьигъэлъэгъащ **Кьанокъуэ Арсен** .

- Мы Іуэхум дыщыхьэплъэм а псори кьэтлъытащ. Дэ дыщыгъуэзэщ фІы ешхэкІэм псынщІэу зэрызиужьым, абы гъуэгухэри кьакІэрыхуэн хуейкьым, - арэзы техьуащ **Астахов Игорь** Президентым жиІахэм.

- Ди эрманым щІэгъэхуэбжьауэ зызыужь Китайм гъуэгухэр щагъэнэхьаныкІэ - ахэр ящхьэкІэ а щІыпІэхэм экономикэр къыщыІэзэрагъэпэщ, - дыщІигъужащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ. Абы кьызэрильытэмкІэ, иужьрей илъэсхэм кьэралым и Илъэ щІыналъэхэм я гъуэгухэр нэрылъагъуэ ІюфІакІэ.

- Федеральнэ центрым э Іуэхум мылъкушхуэ хухех. Сэ куэд кьызэхьэзэІухьри абы гу лыэзотэ. Гъуэгу сытету седжэн сфІэфщ. Нэхьапэм ар гугъуэсыгъуу щытамэ, иджы апхуэдэжкьым, - жиІащ Кьанокъуэ Арсен.

Апхуэдэу республикэм и гъуэгухэм шынагъэншагъэр зыщыщІэзэрэщыным екъэлІа Іуэхуэхэм тепсэльыхьахэщ. ТІуми кьагъэлъэгъуащ аварийкэм щІэныгъэ зэрыщІэкІыдэр, абы кьыхэкІыу гъуэгухэм я фІагъыр егъэфІэкІуэн, а Іэнатіэмрэ ГИБДД-мрэ нэхъ зэуІуу зэдэлэжьэн, «Дэлъпыкьуэгъу псынщІэр» нэхъ жьыдэжру щытын зэрыхуейр.

«Федеральнэ гъуэгу агентствэм «Щыхь Дамыгъэ» орден зезыхьэ, Кавказ Йащхьэрэм и автомобиль гъуэгухэмкІэ и Управленэ» ФГУ-м и унафэщі **Макиев Гаезрэ** транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министр **Сунш Ануарбийрэ** зыхэта зэІуцІэм и кІэм, республикэм и гъуэгухэм я мызакъуэу ди щІыпІэ дахэхэри зригъэлъагъуэм и гуапэу, КБР-м и Президентым хьэщІэм сурэт альбомышхуэ иритащ.

●Унафэщым и гулъытэ

Куэдым ядоІэпыкъу

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен бадзэуэгъуэм и 8-м Іуащхьэмахуэ районым администрацэм и хэщІапІэм щыхухэр я щхьэ Іуэхукіэ щригъэблагъащ.

А МАХУЭМ республикэм и Іэтащхьэм куейм и жылагъуэхэм ящыщу 27-м пльэкІэ зыкьыхьуагъэщхэ, зыри жэуапыншэу кьигъэнакъым. Абыхэм я нэхъыбэр зытеухуауэ щытар псэупІэмрэ щыІэмрэ ехьэлІа Іуэхуэхэщ. ЛъаІуэхэм яхэтщ сымаджэ хьэлъэ зиІэхэри. Апхуэдэщ тыгныеуэдэсхэу Долаев Хьаізыр, Крамская Наталье, Шурдым Борис сымэ я унагъуэхэр. Долаев Хьаізыр и щхьэгъусэм и узынщагъэр Налшык диагностикэмкІэ и центрым кьыщащытэнущ, Іэмал имыІэу еІэзэн хуейуэ кьыщІэкІмэ, ар хуэзфІагъэхьыжьынущ, нэгъуэщІ щІыпІэ гъэкІуапхьэмэ, республикэ бюджетым и мылъкукІэ е кВотэкІэ псори кьыхуэзрагъэпэщынущ. Апхуэдэу Президентым мы унагъуэм хущхьуэ уасэ яхухихащ.

Игъуэтэ фэбжьым кьыхэкІыу, Крамская Наталье и куэр ныжьыкІыщІэм и нэхэр зэІолхьэ. Ар Дон Іус Ростов къалэм и клиникэм игъэкІуэнущ. Президентым зэрыжиІамкІэ, клиникэр унеймэ, ахьшэ хухахынущ, къэрал Іуэхущіапіэмэ, пщэншэу кьрагъэпытынущ.

Шурдым Борис и щІалэм и гъыр щІагъэжькъым. Абы пщэншэу кьырагъэІэзэнущ, и унагъуэм дэІэпыкъуным сом мин 50 хухахынущ. Зи Іэпкьлъэпкьым сэкьат иІэ и кІуэм кьыдзэриКІухьыну автомашинэ кьрищэхун папщІэ, Гулиев Сэхьид сом мини 165-рэ иратынущ, операцэ нэужьым зи быныр медицинэ кІэлъыптыныгъэ хуэныкьуэ Журтубаевэ Розиэтин ахьшэкІэ зыщІагъэкъуэнущ.

Эльбрус поселкэм щыщ Байдаев Рамазан Іэмал игъэтыркъым бэдзэнду ныІгъ щы Іыхьэм ухуэныгъэ кьыщригъэжьэну. АбыкІэ хуит зыщІ тхьытыр кІэсытын хуейр иджыри ягъэбелджылакьым. Президентым кьигъэгугъащІ Іуащхьэмахуэ къыпІэ» Іьэпкь парклым и унафэщІ Шипов Владимир, ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ министр Афэщіагъуэ Михаил, кьуажэ администрацэм я Іуэхур я пщэ дилъхьэну. Апхуэдэу абы ныІгъ щы Іыхьэм илъэсым хуэзэ бэдзэнды пшІэр хуатынущ, Гундзэлэндзэхуу Абзэхэх Зубайдэ Гемуевэ Жоухэрэ псэуэльапхьэкІэ ядэІэпыкьунущ. МафІэсым и зэран зэкІа и фэтэрыр зэригъэпэщыжьын папщІэ, тырныауздэс Денисенко Анастасие сом мин 50 хухахынущ. Апхуэдэу Бахъсэн Ипщэм щыщхэу Узденовэ Ларисэрэ сабий ныкьуэдыкьынтІ зыпІ Гулиевэ Айшэтэрэ дэтхэнэми сом мин 50-рэ псэуалъапхьэрэ иратынущ.

Сабин 7 зиІэ гундзэлэндзэ Маккаев Сэлихьрэ тырныауздэс Тиловэ Лидэрэ сом мини 100 зырызкІэ зыщІагъэкъуэнущ.

Президентым Терскол щыщ Кочкаровэ Катя кьигъэгугъащ Іэнатіэм фэбжь щызыгъуэта и дэлъхуэ и Іуэхур КъБР-м Іэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щызэхуигъэхьуну е щхьэхуэзу ахьшэ хухахыну. Гулиевэ Русанмэрэ Темирноевэ Фатімэрэ зыгъэпІейтейр Азаурэ Чегетрэ щаІыгъ сату щІыпІэхэрт. Президентым кьигъэлъэгъуащ Іуащхьэмахуэ льапэ зэрызиужьыныр и генеральнэ планыр гъэзэщІэныр зэфІэкІа ныжьыкІи, а щІыпІэм сату щызыщІэну хуей псоми апхуэдэ Іэмал зэрэІэнур. Абы арэзы техьуащ Эльбрус поселкэм щыщ жэрдэмщІакІэ гупым хэтэу Тилов Расул, Непеев Хьэдис, Гулиев Расул сымэ.

Жэрдэмщіакіэ гупым и лІыкІуэхэм кьызэрыхагъэщамкІэ, районым щыпсэухэр хуейт щІыпІэ инфраструктурэм и объектхэм ящыщу кьажьэрыпсэухэр праватизацэ ящІыну, инвесторхэр кьагъэуту ахэр кьагъэщІэрэщІэжьыну. Президентым ар ядиІыгащ икІи, инвестицІэ проектхэр гъэзэщІыныр зэфІэкІмэ, а объектхэр уней уэ кьэзыщІэну хуейхэм ящІэпэныкьуну кьигъэгугъащ.

Абы куейм щыпсэухэр кьыхуриджащ проект, бизнес-план зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ нэхъ жьыжьэу зыкьыхуагъэзэну.

Президентыр районхэм щыкІуэкІэ щІыхуэхэр я щхьэ Іуэхукіэ дяпэкІи ирилъхьэлъэнущ.

- Дэ Іэпыкьуэгъу хуэныкьуэхэм ахуэзэныр, защІэгъэзекуэныр властым кьыпэщыт кьалэнщ. Сэ нэхъ Іэзэнхуащ абы щІыхуэхэр зэрыхуэныкьуэр. Куэд ахуэдмышІэфмэ, дадэІэпыкьуэн, дэтхэнэми депсэлэн, зыгъэпІейтейхэр зэдгъэщІэн хуейщ. Абы щхьэкІэ ящІэрыпсэ зэхуещІ, - кьыхигъэщащ Кьанокъуэ Арсен.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Іуэхугъуэ пыухыкІахэм унафэ хуащІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен яІущІащ республикэм и кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэм. Абы щыхэпІащ нэгъабэрэ мы гъэм и ящэ мазитхумрэ Іэрч районым щекІуэкІа гъэжьыгъэм кьрикІуахэм, 2010 гъэм гулытэ нэхъ зыхуэщІыпхьэ Іуэхугъуэхэм. КьищынэмыщІауэ, щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм кьагъэлъэгъуащ и финансхозяйствэ Іуэхугъуэм гугъу езыгъэхьу хэлъ псорэ.

ЗЭІУЩІЭР кьыщызэІуихым, Кьанокъуэ Арсен зэхуэсахэм хьыбар гуапэ яригъэщІащ: Къэбэрдей-Балъкъэрым мыгувэу кьыІэрыхьэнущ сом мелард 260-рэ, Музыкэмкіэ театрыр, Лъэпкъ музейр, Долинск щІыналъэ Курорт залыр щІэрыщІэу кьызэрагъэпэщыжьын, Май къалэ щаухэу спорткомплексыр и кІэм нагъэсын папщІэ.

- Иужьрей илъэсищым кьриубыдэу Тэрч куейм сэ 5-6 сыщыІащ, сыщыгъуазэщ абы щыІэ гугъуехьхэм. Дауи, мащІэкъым а зэманым кьриубыдэу районым кьеХуІар, ауэ абы кьыдэкІуэу сыхуейт зыхэсхьну нобэ щыІэ гугъуехьхэр зыхуэзэрыІ, ахэр гъэзэкІуэжа хъунымкІэ хэкІыпІэу щыІэр кьэфтыытэри, - жиІащ Президентым.

Тэрч район администрацэм и Іэтащхьэ Пэнагуэ Максим Іуэхуэхэм теухуауэ кьыщыпсалъэм, кьигъэлъэгъуащ Іэнатіэ кьэс зэрыт щытыкІэр зыхуэзэр.

- Куейм и экономикэм Іьабжьхьэ хуэхъур мэкъумэщ Іэнатіэращ. Абы 2008 гъэм кьыщыІэжьащ сом меларди 3,4-рэ и уасэ продукцІ. Ар 2007 гъэм щыІа бжьыгъэм нэхърэ процент 16,8-кІэ нэхъыбэщ, - жиІащ Пэнагуэм. - Псом хуэмыдэу кьыдэхъуІар хьэщэпэщэращ - тонн минй 141-рэ кьетхьэлІэжащ. Ар тонн мин 25-кІэ нэхъыбэщ 2007 гъэм диІам нэхъыр.

Тэрч район администрацэм и Іэтащхьэм кьызэрирагъэпэгъуамкІэ, гуэдзу зы гектар кьэс кьытекІащ центнер 40,8-рэ. Куейм нэгъабэ мэкъумэш Іэнатіэм щиІа ехьуІэныгъэхэр и фІыщІэщ щІыр егупсысауэ бэдзэнду эратам. Абы щхьэхьэ Іэмалыщ Іэзэн щыкІыпхьэр. Мэкъумэшыщ Іэзэн кьагъэсэбэпащ Іэмалыщ Іэзэн, жылапхъэ нэхъыбэфІхэр. Апхуэдэ щыкІэкІэ я мурадщ 2010 гъэм мэкъумэш Іэнатіэм сом мелардри 4-м щыгъу кьыщІалэжьыну.

(КІуэхыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Загъэпсэхуну макІуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и унафэщІ Чеченов Аныар. Зэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Іуэхугъуэ пыухыкІахэм унафэ хуащІ

(КІэухыр.
ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

2009 гъэм кьехъуІа гъавэм щыгепсэлъыхьым, Тэрч район администрацэм и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ хьэцэпэцэр мы махуэ хэм зэрыІуахыжыр, ар нэгъабэ нэхърэ мы гъэм нэхъыфІыжу кьаэрехъуІар.

ЩыгъыкІэ хэр щынэхъ гугъуи Іэщ гъахъуи Іэнатіэм. Абы лыхэкІыу проценти 107-рэ, гъэшхэкІыу проценти 101,9-рэ, джэдыкІэу проценти 103,3-рэ нэгъабэ кьыщалэжьащ. Ауэ а бжьыгъэхэр нэхъыбэу кьыдэхъуІар унагъэхэрагъ. Абы кьыхэкІыу, Пэнагъу Максим къиІыытащ апхуэдэ уней лъапсэхэм я Іуэхуф дэІыгъын хуейуэ. Псалъэм папщІэ, 2008 гъэм Тэрч куейм щыщ унагъуэ 545-м кредиту иратащ псори зэхэту сом мелуани 175-рэ. А мылькумкІэ къащэ хуащ Іэщыщхуэу 1500-м щІигъу. НобэкІэ районым щаухуэ джэд щагъэ хьыф фермэу тІу, ябгьнауэ щыта, Іэщыщхуэу 1500-рэ зыщІэхуэну фермэ хэр кьуажишым кьыщыІэрагъэпэщыж. Ахъшэ кьыхэзыльхьэн, ягъуэтэм, Іэщ гъэ хьунымкІэ юмплексышхуэ хэр яухуэну хьэзырщ.

Тэрч районыр сыт щыгъуи елэжьу щытащ хадэхэкІхэр, гъэфІэІуным. Нэгъабэ абы щаутІыпщащ горох удзыфэхэр щагъэфІэу цехьщІэ, Италичем кьраша Іэмэпсымэ нэхъыфІкІэ кьызэгъэпэщауэ. Абы зы дакъикъэм банкІ-тыф 500 щагъэ хьэзыр. Районым кьыщыщІагъэкІ фІэІуГъэ хэм абы и фІыгъэкІэ нэгъабэ тІукІэ щыхэхъуащ. Мы гъэми нэгъабэ яІам хуэдитІкІэ ебэкІ фІэІугъэу кьыщІагъэкІыну я гугъэщ.

- Ар тхуэзфІэкІыну тыдощІыхь, нобэ дИэ къару псори и кІэм ирэсу кьадгъэбэрэ консерв кьыщыщІагъэкІ цехитІ иджыри дутІыпщыну кьыдэхъуІэмэ, - жиІащ Пэнагуэ Максим икІи республикэм и Президентым фІыщІэ хуищІащ, а цехитІым щІадгъэуІэнущ сом мелуан 50 льготэм тещІыхьа кредиту кьащтэнымкІэ кьаэзэрыдэІэпыкъуам кьыхэкІыу.

Тэрч куейм и предприятэхэм нэгъабэ кьыщІагъэкІри щхуэнду Іуэхэм зэрыщащ сом мелуан 580-рэ и уасэ продукцэ. Ар зытращыхьам и процент 177-рэ мэхъу. Ауэ, нэгъабэрей бжьыгъэхэм елытатэу ар процент 87,2-рэ хъууэ аращ. Пэгъабэ кьыщІагъэІа продукцэм ащ ащ ауэдэнтэу щІыхэщІар дунейпсо финанс кризисым и Іуэхьыщ - налмэсым кьыхэщІыкІа Іэмэпсымэхэр щащІ заводым кьыпІэрыхьэ заказхэм кІэрыкъуэкІ, чырбыш заводым щІэ-вод нэхъ нихэм (АвтоВАЗ, КамАЗ Іуэхущ Іапі эхэм хуэдэхэм) ящэхур куэдкІэ нэхъ мащІэ хъурі. Предприятэр нобэ йолэжь и продукцэ лІэужьыгъуэхэм зригъэубгъуэ щэхуакІуэхэр нэхъыбэ щІыным, цехьщІэхэр кьыщэІуах. Налмэс заводым абы и фІыгъэкІэ и лэжьакІуэхэр игъэмэщІакьым икІи кьыщэтеуыІакьым. АвтоВАЗ, КамАЗ заводхэм тэмэкьэ щІадгъэжьа. Тэрч и предприятэмэ и Іуэхухэр псынщІэу зэтеуэвэжьынущ.

Районым гулъытэшхуэ щыхуащІ хьэрычэт мыным зегъэужьынми. Мы гъэм щыщышэм и 1-м ирихьэлІэу Тэрч куейм щылажьэу ятхат хьэрычэт Іэнатіэ мыным и Іуэхущ Іапі эу 140-рэ, щхьэжьакъуэ хьэрычэтыщІэу щыху 1322-рэ. ЖьІэн хуейщ мы илъэсым районым и хьэрычэтщІэхэм щыхуи 171-кІэ фІэкІа кьаэзэрыкъэмыхьуар, 2004 гъэм и щэкІуэгъуэ лъандэрэ гъэкъэуэнымкІэ фондыр, 2007 гъэм и щыщхьэІум щыщІэдзауэ - «Бизнес-центр» ООО-р абы щылажьэ пэтми. Ауэ щыгъуэ кІыпхъэщ пэжьэн щІэзыдза кьэрычэтыщІэхэм я Іуэху зэрыкъутэм. Псалъэм папщІэ, районым щыпсэухэм нэгъабэ кредиту ахъшэ хьумапІэхэм кьыщащтащ сом мелуан 455-рэ. Ар 2007 гъэм и бжьыгъэхэм нэхърэ сом мелуани 100-кІэ нэхъ бэщ. Абы и фІыгъэкІэ куейм кьыщыщІэуахащ Іуэхущ Іапі э зэмылІэужьыгъуэу 20-м щІигъу. Иджы Тэрч щащІ кхъэщІыныфІхэр, пластиным кьыхэщІыкІа щхьэгъэужьыгъуэу 20-м щІигъу. Иджы Тэрч щащІ кхъэщІыныфІхэр, пластиным кьыхэщІыкІа щхьэгъэужьыгъуэ. Чырбыш заводым щІэлажьэ, илъэсым мелуан 15 кьыщІигъэкІыу.

Псом хэзмыдэу щыпсэ щыпсэуэхэр щыгуфІыкІащ Курп псы бжьамий гупыр зэрашэщІамрэ Хьэмидей псы кІэ кьыхэзыгъэпэщ системэр зыхуей зэрыхуагъэзамрэ. А Іуэхуэмэ кууу хэлэжьыхьащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

Нобэ зэпэжьын хуеІуэ Пэнагуэ Максим кьыхигъэщащ Тэрч кьаІэ 50-у зэхэту щаухуэ унэр и кІэм нагъэсыныгъ, гъуэгуэр зэгъэпэщыжьыныр, автовокзалым и унэщІэ ухуэныр, лэжьапІэнэщхэм я бжьыгъэр цыхуэр власти нэхъ пэгъунэгъуэ щытын зэрыхуейм, щытепсэлъыхьым, республикэм и Іэтащхьэм кьигъэлъэгъуащ зыгъэпэсхуэгъуэ махуэхэм языхэз кьыхихьмурэ абыхэм зэрадгъэкІыжащ Іуэху щхьэпэм. Мэремкъуэлым кьыхихгъэбелджылыкІащ щІыхуэхэм Іуэхуэхэр и чэзуи зэфІэгъэкІыным зэрегугъуэрі.

Дзэпкъ Іэкъапэщыт кьалэнхэм я гугъу щищІым, унафэщІыр кьытеувыІащ улахуэмкІэ республикэм телъ щІыхуэхэр икІэщІыпІэкІэ пшынывэ зэрыхъунымрэ ищхь зэритыр, щІыхуэ зытелъ Іуэхущ Іапі э щІымыгъэІэн папщІэ Кьэрал инспекцэм фІэкІыпІэнэщэу кьиІыытэ Іуэхугъуэхэм. Ар кьайхьуІэн щхьэкІэ КъБР-м и министерствоэхэр, ведомствоэхэр, кьалэ, район администрацІэхэм я Іэтащхьэхэр дэІапхьуэгъу хъуну кьыхуриджащ.

НэгуГъущІ Іуэхугъуэ зыбжанэми щытепсэлъыхьащ зэІущІэм. Псалъэм папщІэ, экономикэзыужьынымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэм кІэрыкІэ ящІэнымкІэ сатумкІэ министр **Мусуков Алий** Президентым зыхуигъэзащ ІэщІагъэлІэхэр хамэ кьэрал щегъэджэным теуху программэм зэхъуэкІынигъэ зэрыхалъхьам, инджылызыбзэр щрагъэдж курсхэр Напшык кьыщыгъэтщІэным, бюджетым кьыхэкІ ахъшэкІэ емыджэ студентхэм стипендие етынымпапщІэ сом мелуани 10 кІуэдиз бюджетым кьыхэхьи зэрыхчэр кьыхэщІ.

- Іэмал кьмыІу деужьэрэкІынщ, - жиІащ Кьанокъуэ Арсен. - Хамэ кьэрал дгъакІуэурэ щедгъаджэхэр занщІэу ятластым кьыхэтшэу лэжьыгъэм и пІалъэ едгъэщІэн хуейщ. Дзэпкъ Іэщ Іапі эгъэлІ ныбжьыщІэу я ефІэкІ студенту щыхуи 100 хамэ кьэралхэм дгъэкІуэну ди гугъэщ.

ЩІалэгъуалэ Правительствэм хэтхэм бюджетым кьыхэмыкІ улахуэ етынымрэ зэтеуІэнэ, ахэрэ Правительствэмрэ я Іуэхущ Іапі эмрэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэм тету курыт еджапІэхэм я класс нэхъыжьхэм я деж «Лэжьыгъэм епха хуитыныгъэхэр» темэмкІэ лекцэхэм кьызэрыщеджэр. Ар ныбжьыщІэхэр кьапэщыт лэжьыгъэм хэзгъэхьэзырын, абы епха хабзэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ щыгъэзгъэзэн папщІэ кьызэрагъэпэщащ Іуэху щхьэпэм. Мэремкъуэлым кьыхихгъэбелджылыкІащ щІыхуэхэм зэрызыкьыхуагъазэ Іуэхуэхэр и чэзуи зэфІэгъэкІыным зэрегугъури.

Дзэпкъ Іэкъапэщыт кьалэнхэм я гугъу щищІым, унафэщІыр кьытеувыІащ улахуэмкІэ республикэм телъ щІыхуэхэр икІэщІыпІэкІэ пшынывэ зэрыхъунымрэ щыгъэзгъэзэн папщІэ Кьэрал инспекцэм фІэкІыпІэнэщэу кьиІыытэ Іуэхугъуэхэм. Ар кьайхьуІэн щхьэкІэ КъБР-м и министерствоэхэр, ведомствоэхэр, кьалэ, район администрацІэхэм я Іэтащхьэхэр дэІапхьуэгъу хъуну кьыхуриджащ.

НэгуГъущІ Іуэхугъуэ зыбжанэми щытепсэлъыхьащ зэІущІэм. Псалъэм папщІэ, экономикэзыужьынымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэм сатумкІэ министр **Мусуков Алий** Президентым зыхуигъэзащ ІэщІагъэлІэхэр хамэ кьэрал щегъэджэным теуху программэм зэхъуэкІынигъэ зэрыхалъхьам, инджылызыбзэр щрагъэдж курсхэр Напшык кьыщыгъэтщІэным, бюджетым кьыхэкІ ахъшэкІэ емыджэ студентхэм стипендие етынымпапщІэ сом мелуани 10 кІуэдиз бюджетым кьыхэхьи зэрыхчэр кьыхэщІ.

- Іэмал кьмыІу деужьэрэкІынщ, - жиІащ Кьанокъуэ Арсен. - Хамэ кьэрал дгъакІуэурэ щедгъаджэхэр занщІэу ятластым кьыхэтшэу лэжьыгъэм и пІалъэ едгъэщІэн хуейщ. Дзэпкъ Іэщ Іапі эгъэлІ ныбжьыщІэу я ефІэкІ студенту щыхуи 100 хамэ кьэралхэм дгъэкІуэну ди гугъэщ.

ЩІалэгъуалэ Правительствэм хэтхэм бюджетым кьыхэмыкІ улахуэ етынымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэм кьегъэблэгъэн, министрэхэм епхауэ щытын зэрыхуейр кьыхэзыхэсахэм яжриІащ Президентым.

ЩІыхуэхэр властым нэхъ пэгъунэгъуэ щытын зэрыхуейм, щытепсэлъыхьым, республикэм и Іэтащхьэм кьигъэлъэгъуащ зыгъэпэсхуэгъуэ махуэхэм языхэз кьыхихьмурэ абыхэм зэрадгъэкІыжащ. Абы ипкъ иткІэ, районым администрацэхэм я Іэтащхьэхэм яжриІащ дэтхэнэ зыгъэгъэзавэ ІуэхумкІэ Президентым бгъэдыхьэн зэрыхуэмейр, атІэ ар район унафэщІымрэ зэфІигъэкІыфу зэрыщытыпхьэр. «Районым щыфхуэзфІэмыгъэкІыну ІуэхуэхэмкІэ фІэкІа зыкьыхсхуэзгъэзэн хуейкъым, фи лэжьыгъэр кьызэрывэхуІэр щыхуэм я деж нахьысхи хуейщ властым зэфІигъэкІхэр, зиужь итхэр, и мурадхэр. Президентыр зэхэщІагъэхэм яящыщІ ди районэм инвестпроектхэр нэхъ жьыджэру гьащІэм хапщэн зэрыхуейр, хьэрычэтыщІэ Іуэху мыиным нэхъри зэрызгъэужьынпхьэр, нэгъуэщІхэри.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Адыгэ пщащэм адыгэ фащэр ІокІу. *Сурэтыр* **КЪЭРЕЙ Элиэ** *трихащ.*

● К 180-летию первой Российской научной экспедиции на Эльбрус

ОБРАЩЕНИЕ КООРДИНАЦИОННОГО СОВЕТА АДЫГСКИХ ОБЩЕСТВЕННЫХ ОРГАНИЗАЦИЙ КБР

Достояние всей страны

Президенту Кабардино-Балкарской Республики
А. Б. КАНОКОВУ

Президенту Карачаево-Черкесской Республики
Б. С. ЭБЗЕЕВУ

Уважаемый Арсен Баширович! Уважаемый Борис Сафарович!

В июле 2009 г. в Карачаево-Черкесии проводятся государственно-общественные мероприятия в ознаменование 180-летия со дня первого восхождения на вершину горы Эльбрус. Это событие, безусловно, имеет большое историко-культурное значение. Оно является частью истории российского утверждения на Кавказе, истории российской науки и культуры, истории народов Северного Кавказа, представители которых участвовали в этой экспедиции. К сожалению, в последние годы определенные круги превратили его в повод для возбуждения взаимной этнической ревности, публичных споров и трений, поставив своей целью во что бы то ни стало доказать, что первовосходитель на вершину Эльбруса Килар Хаширов был не кабардинцем, а карачаевцем. Тем самым, смысл юбилейных мероприятий сводится к тому, чтобы культурное достижение общенационального значения, явившееся результатом совместных усилий организованных и руководимых российскими властями, закрепить в исключительной принадлежности одной этнической группы.

В связи с вышеуказанным, Координационный совет адыгских общественных организаций КБР доводит до Вашего сведения свою позицию:

1. Реальной исторической основой современных юбилеев является факт организации командующим войсками на Кавказской линии генералом Г.А. Эмануэлем экспедиции с участием российских и иностранных ученых для «обозрения стоянки Эльбруса и прочих открытий». Речь сегодня должна идти о ***180-летии первой российской научной экспедиции на Эльбрус и первого восхождения на его вершину.*** Личное достижение Килара Хаширова стало возможным не в силу его этнической принадлежности, а благодаря участию в российской экспедиции, оно является достоянием не какого-то одного народа, а всей России.

2. Вместе с тем, все прямые документальные свидетельства недвусмысленно указывают, что Килар Хаширов именно кабардинец – «простой житель свободного аула на реке Нальчик в Большой Кабарде». Это очевидное обстоятельство не подвергалось сомнению в течение более полутора веков после экспедиции 1829 г. Никаких убедительных оснований для пересмотра устоявшихся научных представлений с течением «карачаризации» Килара не представляют и теперь. Их усилия не могут прибавить чести и достоинства карачаевскому народу и не могут умалить честь и достоинство кабардинского народа. Однако отравить взаимные отношения карачаевцев и кабардинцев они могут.

3. В этих условиях официальное участие власті КЧР в юбилейных мероприятиях легитимизирует притязания на этническую исключительность и мотивы этнического соперничества с соседними народами. Более того, такая позиция определенной группы лиц переводится в политическую плоскость и может затронуть межреспубликанские отношения. С другой стороны, руководство КБР и КЧР не может просто самоустраиться и оставить интерпретацию исторического содержания и современного общественно-политического звучания данного вопроса на усмотрение отдельных деятелей от «этнонауки». В этом случае были бы упущены возможности использования крупного исторического события для позитивного воздействия на общественные настроения и этнополитическую ситуацию в регионе, а любители на «пустом месте» создавать поводы для межэтнической напряженности получили бы свободу рук.

4. Выход заключается в проведении государственными властями КБР и КЧР активных и согласованных действий с тем, чтобы обеспечить историческую корректность «формулы» юбилея и интернационалистскую направленность содержания юбилейных мероприятий. Для этого, в частности, необходимо запросить в Российской академии наук и Российском географическом обществе экспертное заключение по следующим вопросам:

– Каково научное и культурное значение экспедиции 1829 г. на Эльбрус под руководством генерала Г.А. Эмануеля?

– Какой вывод о национальности участника экспедиции Эмануеля Килара Хаширова можно сделать на основе наиболее надежных и достоверных документов и свидетельств?

Целесообразно также провести по инициативе государственных органов КБР и КЧР и под эгидой РАН совместную научную конференцию историков КБР и КЧР по вопросам истории и актуального значения экспедиции 1829 г.

Председатель Координационного совета адыгских общественных организаций КБР
Ж.А. КАЛМЫКОВ

заместитель КСАОО, тхамада ОО «Адыгэ Хасэ» КБР
М.М. ХАФИЦэ

Властым илэжьыр цІыхухэм ящІэн папщІэ

Ди газетым зэрытетащи, бадзэуэгъуэм и 7-м КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен Правительствэм хэтхэм ядригъэкІуэкІащ Лэжьыгъэмкі кьэрал инспекцэу КъБР-м щыІэм блэкІа илъэсымрэ мы гъэм и япэ мазитхумрэ иригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр щыгъэшкъах зэІущІэ.

АР КЪЫЩЫЗЭІУИХЫМ КъБР-м и Унафэщым жиІащ мы Іуэхущ Іапі эм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ пыухыкІа зыбжанэ зэрызэфІигъэкІыр. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр УФ-м и законым кьыхэригъэувым тету улахуэр тыныр.

- Иджыпсту, псом хэмыдэу финанс кризисым зэрызиубгъуэр, кьэрал унафэщІхэр жэуаплныгъэшхуэ пылъу иужь итщ я кьалэнхэр дагъэуэнщэу зэрагъэзэщІэным, - жиІащ Президентым. - Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ бюджет Іэнатіэм щылажьэхэм ирамыта улахуэу сом мелуан 1,5-рэ зэман гъунэгъуэм республикэм зэрытельар, ауэ ар тхьэмахуэм и кІэуэІЫм дгъэзэкІуэжащ. ЕтІуанэ Іуэхугъуэ иэхьыщхьэу кьытпэщытыр щыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщынырщ. Іэнатіэншэу, пособие ирату республикэм щыху мин 26-рэ щатхащ, ауэ ар си фІэщ хъуркъым А бжьгъэм кьыгъэдатгъуэ кІэлъыгъэжьхэм я Іэнатіэ хуныкъуэу, ар ямыгъуэту республикэм исхэр. Сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, іэжьэну хуэмей, а пособиер кьыІахыныр нэхъ зыфІэІэтыыпи куэд щатхащ абы, уеблэмэ, машинэ ису, и гуащІэильыгъуэу ахъшэ кьеІыхьхэр гъунэжщ. Ар зыхуэфащэрщ, абы хуэныкъуэрщ ахъшэ этэпи хуейр.

Президентым кьыхихгъэщащ а пособие кьеІыхьэ ди щІалэгъуэхэм, си кьаруилъыгъуэхэм кредит иратэу хьэрычэт щІэным хагъэхьэмэ, лъэныкъуитІымкІи зэрынэхъ фейдэр.

Улахуэ зымыт, зэрамытыр зыбзыщІ Іуэхущ Іапі эхэм ар зэрыхуамыдэнум, тхьилъэр кьызыхуэтэнщэу эзэшгъэзэхуэу кьэзытахэм я лэжьакІуэхэр сайтым щытхьэуэсыхэ кьызэрыхъэм щхьэхуэу тепсэлъыхьащ Кьанокъуэр.

Псалъэ зрата, Лэжьыгъэмкі кьэрал инспекцэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Мэремкъуэ Арсен** зэрыжиІамкІэ, зи Іэтащхьэ Іуэхущ Іапі эм мыхьэнэ нэхъыбэ зригъэр республикэм улахуэр и чэзуи зэрыщытым кІэлъыпльныырщ. АбыкІэ жэуап зыхь кьэрал Іуэхущ Іапі э псори жыджэру щызэдолажьэ щІынальэм.

- 2006, 2007, 2008 гъэмрэ блэкІа мазитхумрэ кьапщтэмэ, улахуэ ямыту зэтрагъэхьа щІыхуэр мыпхуэдэу дубзыхуащ: 2007 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу - сом мелуан 14,7-рэ; 2008-м-сом мелуани 2; 2009-м - сом мелуани 5,6-рэ. БатмкІа мазихым щІыхуэр нэхъ мащІэ зэрыхъуам гу лыштащ. Мэкъуаущхьэм и 1-м ирихьэлІэу сом зы мелуанрэ мин 568-рэ зэтрихьауэ аращ. Ар 2008 гъэм елъытмэ, щІыкІэ нэхъ - жиІащ Мэремкъуэлым. - Кьапщтэмэ, Ипщэ федеральнэ округым а бжьыгъэр щынэхъ мащІэ дыдэр Кьабардей-Балъкъэрырщ.

Кьэрал инспекцэм иригъэкІуэкІ кІэлъыплъныгъэхэр щыгъэцІэнкІэ лэжьыгъэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, хабзэр кьызэпызыудэми дыщрохьэлІэ. Апхуэдэу нэгъабэ хабзэм ебэкъуащ Іуэхущ Іапі э 907-рэ, блэкІа мазитхум хабзэм ебэкъуам я бакъыгъэ 448-рэ мэхъу. Ахэр, щэч хэмылъу, жъуапым зэретшэлІэным, тезыр зэрратетлъхьэным дыхущІокъу.

ЗэрытщІэщи, бюджет Іэнатіэм щылажьэхэм я улахуэм хуэхъуащ. Абы хъарзынэу ящхьэлІ Іуэхущ Іапі эхэр, ауэ мыбдежми хабзэм ебакъуэ предприятэхэр щы-мыІэу пхужьІэнукъым. 2009 гъэм нэхъ мащІэ дыдэу республикэм щагъэувя улахуэр - сом 4330-р - зымыгъ унафэщІу 23-м тезыр ятетлъхьащ.

Лэжьыгъэмкі кьэрал инспекцэм и кьалэн нэхъыщхьэм кьыдэкІуэу Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр иригъэкІуэкІ. Абыхэм ящыщу КъБР-м Кьабардеи-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ я Іуэхущ Іапі эмрэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэм тету курыт еджапІэхэм я класс нэхъыжьхэм я деж «Лэжьыгъэм епха хуитыныгъэхэр» темэмкІэ лекцэхэм кьызэрыщеджэр. Ар ныбжьыщІэхэр кьапэщыт лэжьыгъэм хэзгъэхьэзырын, абы епха хабзэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ щыгъэзгъэзэн папщІэ кьызэрагъэпэщащ Іуэху щхьэпэм. Мэремкъуэлым кьыхихгъэбелджылыкІащ щІыхуэхэм зэрызыкьыхуагъазэ Іуэхуэхэр и чэзуи зэфІэгъэкІыным зэрегугъури.

Дзэпкъ Іэкъапэщыт кьалэнхэм я гугъу щищІым, унафэщІыр кьытеувыІащ улахуэмкІэ республикэм телъ щІыхуэхэр икІэщІыпІэкІэ пшынывэ зэрыхъунымрэ щыгъэзгъэзэн папщІэ Кьэрал инспекцэм фІэкІыпІэнэщэу кьиІыытэ Іуэхугъуэхэм. Ар кьайхьуІэн щхьэкІэ КъБР-м и министерствоэхэр, ведомствоэхэр, кьалэ, район администрацІэхэм я Іэтащхьэхэр дэІапхьуэгъу хъуну кьыхуриджащ.

НэгуГъущІ Іуэхугъуэ зыбжанэми щытепсэлъыхьащ зэІущІэм. Псалъэм папщІэ, экономикэзыужьынымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэм сатумкІэ министр **Мусуков Алий** Президентым зыхуигъэзащ ІэщІагъэлІэхэр хамэ кьэрал щегъэджэным теуху программэм зэхъуэкІынигъэ зэрыхалъхьам, инджылызыбзэр щрагъэдж курсхэр Напшык кьыщыгъэтщІэным, бюджетым кьыхэкІ ахъшэкІэ емыджэ студентхэм стипендие етынымпапщІэ сом мелуани 10 кІуэдиз бюджетым кьыхэхьи зэрыхчэр кьыхэщІ.

- Іэмал кьмыІу деужьэрэкІынщ, - жиІащ Кьанокъуэ Арсен. - Хамэ кьэрал дгъакІуэурэ щедгъаджэхэр занщІэу ятластым кьыхэтшэу лэжьыгъэм и пІалъэ едгъэщІэн хуейщ. Дзэпкъ Іэщ Іапі эгъэлІ ныбжьыщІэу я ефІэкІ студенту щыхуи 100 хамэ кьэралхэм дгъэкІуэну ди гугъэщ.

ЩІалэгъуалэ Правительствэм хэтхэм бюджетым кьыхэмыкІ улахуэ етынымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэм кьегъэблэгъэн, министрэхэм епхауэ щытын зэрыхуейр кьыхэзыхэсахэм яжриІащ Президентым.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Бжьэми зрат

● ЩЭРЭДЖ КУЕЙ

«Мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьыну» лъэпкъ проектым и гугъІыныгъэ кьэлыр тету мэлажьэ Щэрэдж куейм и Іуэхущ Іапі эхэр.

КЪАПЩТЭМЭ, 2009 гъэм дызэрыстехьэрэ районым и мэкъумэшыщІэхэм щІыхуэу сом мелуани 140-м иэ кьэралым кьаритащ. Ар республикэм и адрей районхэм кьыщыІаха ахъшэ бжьыгъэм йобжІ. АбыкІэ мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэмрэ уней хозяйствэ зиІэхэмрэ кьащэхущ Іэщыщхуэу мини 2-м щІигъу, мэл лъэпкъыфІу мини 3, щыуэ 100. Мы гъэм бжьэ гъэхъунми унагъуэ куэдым зратащ. Апхуэдэхэм яхэтщ щІыхуэу кьыІаха ахъшэмкІэ бжьэ мати 100-150-рэ зэзыгъэпэщахэр. КьыхэгъэщІапхъэщ куейм и мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэм техникэ лъэщІу (комбайнхэр, жылаех, щІыр зэрагъэщІэбэ машинэхэр) ящІэнымкІэ. Ахэр трагъэщащ илъэс куэд хъуауэ жьы дыдэ хьуа техникэхэмкІ лажьэ Іэнатіэхэм.

Щэрэдж районым бжьыхьэсэ гъавэм и Іуэхьыжьэр кьыщыщыр нэхъ кІасущ, бгьылъ щІыпІэхэм зэрыщынэхъ щьІэтыІэм кьыхэкІыу. Апхуэдэу щытми, иджыри зэман диІэщ жаІэу мыбдежпарэтыжьу, мэкъумэшыщІэхэм техникэкІэ, дагъэгъэсыныпхьэкІэ нэсу зыкьызэрагъэпэщащ. Мыгувэу губгъуэм ихьэнущ техникэщІэхэри. Хэгъэгу япэу зэфІэзыгъэкІэр я гъунэгъуэмэ ядэІэпыкьунущ.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

● Теплъэгъуэкэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсым и депутат мандату хуит къэхъуар депутатхэм я кандидат спискэм хэту, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэпсо къудамэм къигъэлъагъуэм етыным ехьэлІауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м №55/17-1

Налшык къалэ

Кандидатхэм я спискэм хэту ятха, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэпсо къудамэм къигъэлъагъуа Чэлимэт Хьэбас Тальостэн я къэнэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсым и депутат кьалэнхэр пІалъэр кьэмысу гъэзэщІэн зэрыщыгъэтам кьыхэкІыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьыным теухуа», 2008 гъэм шыщхьэІум и 5-м кьищта Закон №56-РЗ-м и 5-нэ Іыхьэм и 68-нэ статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсым и депутат мандату хуит къэхъуар кандидатхэм я спискэм хатха, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэпсо къудамэм депутатхэм я кандидату **Къунаш Аслъэнбий Мухьэмэд и къуэр** (№07) етын.

2. Мы Унафэр хьыбарегъащІэ Іэнатіэ псомкІи хэІуІущІы щІын икІи Интернетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым кьыщыгъэлъэгъуэн.

ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ ТУПИКИН А. Н.
ХэхакІуэ комиссэм и секретарь АТМУРЗАЕВЭ И. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсым и депутату

Къунаш Аслъэнбий Мухьэмэд и къуэр тхыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м №56/18-1

Налшык къалэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсым и депутат мандату хуит къэхъуар депутатхэм я кандидат спискэм хэту, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэпсо къудамэм къигъэлъагъуэм етынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м кьищта Унафэ №55/17-1-р и тегъэщІапІэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьыным теухуа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ Іыхьэм и 68-нэ статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсым и депутату **Къунаш Аслъэнбий Мухьэмэд и къуэр** тхын;

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсым и депутату ятхам зэрыхахам и щыхьэт тхылъыр етын.

3. Мы Унафэр хьыбарегъащІэ Іэнатіэ псомкІи хэІуІущІы щІын икІи Интернетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым кьыщыгъэлъэгъуэн.

ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ ТУПИКИН А.Н.
ХэхакІуэ комиссэм и секретарь АТМУРЗАЕВЭ И. А.

● ХъыбарегъащІэ

Зэпеуэ йокІуэкІ

КъБР-м Хъыбарегъащ Іэ Іэнатіэхэмкі э, жыларгъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэІэжьэныжьмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі э и министерствэм хъыбар фегъащІэ республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм узыншагъэр хъумэныкІэ; связьмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ; тарифхэмкІэ министр къулыкъуэхэм пэрыувэну хуей ныбжьыщІэхэр зэпеуэм хэтын папщІэ я тхылъхэр къат зэрыхъунымкІэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэт хъунущ УФ-м и цІыху, КъБР-м зэпымычу щыпсэу студентхэр, аспирантхэр, е еджапІэ нэхъыщІэхэр кьэзыуха, идъэс 25-рэ зи ныбжь щІалэгъуалэр.

Зэпеуэм уэхэтын папщІэ мыпхуэдэ тхылъхэр Іэрыбгъэхьан хуейщ КъБР-м Хъыбарегъащ Іэ Іэнатіэхэмкі э, жыларгъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэІэжьэныжьмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі э и министерствэм:

1) зэпеуэм уэхэтыну уэзэрыхуейм теухуа лъэІу тхылъ;

2) анкетэ, уи Іэкі э птхауэ;

3) къыхэпха министерствэм и нэІэ щІэт Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ бгъэхьэзыра лъэныгъэр;

4) паспорт, е нэгъуэщІ щыхьэт тхылъ;

5) едзэпІэр къызэрыбгъхамкІэ щыхьэт тхылъым и копиер, е еджапІэ нэхъыщхьэ уэрыщІэсымкІэ справкэ;

6) уэзрылажьэм щыхьэт техъуэ тхылъым и копиер.

Лэжьыгъэр компьютеркІэ тедзауэ, А4 форматым изагъэу, 14-нэ шрифтымкІэ тхауэ, напи 10 хъууэ щытын хуейщ. Зэпеуэм кьагъэхьа лэжьыгъэхэр зэІи иратыжьыркъым.

Тхылъхэр бадзэуэгъуэм и 10-м щегъэжьауэ щыщхьэІум и 10 пшІандж кьэгъэ хъунущ. КъБР-м Хъыбарегъащ Іэ Іэнатіэхэмкі э, жыларгъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэІэжьэныжьмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі э и министерствэм и хэщІапІэр: 360000, Налшык къалэ, Ленинным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 57, 2-нэ къат, министерствэм щІалэгъуалэ программэхэмрэ муниципалитетхэм ядэІэжьэныжьмкІэ и къудамэ.

ФыщІэупщІэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: **77-83-35, 77-38-76.**

ШЫПШ Данэху.

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ, ФемыпIэщIэкIыу фыкъыспэплъэ. МылIэжьныгъэм стелъщ и щIыхуи, Абы и пщIантIэм фыкъыдэплъэ.

КIыщокъуэ Алим.

ТхакIуэм и гуащIэ

КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр щIыпсэхуэхьсэуэ тхыльих

Тхыгъэ купщIафIэ куэд къызэрынэкIащ КIыщокъуэ Алим, абыхэм ящыщ дэтхэнэми лъэбакъыщIэ ирагъэчащ ди литературэм, абы и лъагапIэ хъуащ. Алим и тхыгъэхэр гъэнщIащ зэманымрэ гъащIэмрэ я пэжыпIэкIэ.

ДИ ЛЪЭПКЪЫМ иужьрей лIэщIыгъуэм кьикIуэ гъуэгуанэм и тхыдэщ КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр - а гъуэгуанэ гугъуэсыгъуэ щIэзэпичым цIыхум и фэм дэкIамрэ и нэгу щIэкIа гугъуехьэмрэ, и щIэ течауэ, уэзыгъэльагъу, зыхозыгъащIэ, щэч къызытумыхьэ, дзыхь зэбгъэз, уэзыгъэгупсысэ, лъабжьэ быдэ зиIэ тхыгъэ уахътыншэхэщ. Хэт дежкIи гурыIуэгъэщ апхуэдэ тхыгъэхэм я пIэмрэ я мыхьэнэмрэ нэхъ куу, нэхъ лъагэ хъуурэ ди лъэпкъым зэрыдзэгъуэрыкIуэнур - ахэр зэи дэмыкухьыжьи, я пщIэри я мыхьэнэри зэи я щIыхьэ мыхъун, тхакIуэм и уэрэд кьина щIэблэхэм губзыгъагъэрэ акъылрэ кьыхах зэпытрэ щIаджыкIын хъугъуэфIыгъэ мылъытгъэщ.

Алим и кьалэмылъэм къыщIэкIащ усыгъэ, прозэ, нэгъуэщI тхыгъэ зэмылIэужьыкIыуэ куэд. Абыхэм я нэхъыбапIэр щыпсэхуэхьсэуэ дунейм кьыстекIащ тхыпльих - ахэр «Элбрус» тхыпльитедзапIэм 2004 - 2007 гъэхэм кьыщыдэкIащ.

Тхыпль тедзапIэм и лэжьакIуэхэм къарушхуэ ирахьлIащ. КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр зэгъэзэхуэуэ, тхакIуэм и Iэдакъэ кьыщыщIэкIа зэман ельытыкIэ зэкIэлъыхьауэ дунейм кьытекъэн папщIэ. Нэхъапэ дунейм кьыстехьауэ щытащ КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр зэкъэзэхуэ тхыпль зыбжанэ (пIлы хъууэ), ауэ абы щыгъуэ «дзыхь ящIакIым» тхакIуэм и тхыгъэ щхьэхуэхэр тедзапIэ, псалъэм папщIэ, «Нал кьута» романыр (абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ мэхъу, а романым иращIэкIауэ щыта псалъэмакъыр дигу кьэдгъэкIыжмэ). «Нал кьутар» - дунейм адыгэбзэкIэ кьыщытехьар иджыщ - абы хухахащ зи гугъу тщIы томиихым и епIланэ тхылъыр (епIланэ тхылъым, «Нал кьутам» нэмыщI, «Щынэхужьы-кIуэрэ», «Къуэжьейфэ» Iыхьэхэрэ итщ - ахэри дунейм адыгэбзэкIэ кьыщытехьэр иджыщ, «Iущхьэмахуэ» журналым тредзауэ зэрыщытам и гугъу уимыщIмэ).

КIыщокъуэ Алим литературэм зэрыхьыхьар уэсэкIэщ. Хэку зауэшхуэм и пIуэкIэ кьыдэкIауэ щытащ Алим и усэ пасэхэр щIэзыхуэхьсэ «Гъатхэ пэхэм дежи» тхылъыр (ар здищтэри, зауэм кIуауэ щытащ усакIуэр). А тхылъым и уэкьIэ дунейм кьытехьащ КIыщокъуэ Алим и усыгъэжь щIэзыхуэхьсэ тхылъ куэд - «Щынэ и гъуэгу», «ЩIалэгъуэ щынальэ», «Мывэ хуабэ», «Дамыгъэ», «Батырыбжьэ», «Вагъуэ махуэ», «Щхьэлыкъуэ», нэгъэщIэкIэри. А тхылъыхэм и усыгъэжэр щыщхьэхэщ апэ томым (усэхэм нэмыщI, апэ тхылъым хагъэхащ «Адэ», «Бажэ пшынэ», «Елбэздыкьуэ», «Тисей» поэмэхэри). Зи цIэ кьытIуэ тхылъ зыбжанэ и нэхъыбапIэр урысыбзэкIэ здэзэкIауэ дунейм куэдрэ кьытехьащ, адыгэ усакIуэ тельыджэм и цIэр кьэрал псом щагъэIуащ, ар ди лъэкъэнэм и усакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм зэращыщым щIыхьэт техьауащ.

Усыгъэхэм я закъуэхьым КIыщокъуэ Алим цIэрыIуэ зэрыхьуар. ЩIэрыIуэ дыдэ ирихьауащ ар и романхэмри - «Хъуэпсэгъуэ нурми», «Мазэ ныкъуэ щхьэунтIэмри», «Эмирым и сэшхуэмри», «Нал кьутами» - абыхэм ящыщ дэтхэнэри, ищхьэкIэ зэрыщIащи, ди лъэпкъым и тхыдэ и лъытэщ, ди зэман зэрыхьэзэрийм ри гъащIэ гугъуэсыгъэмрэ я пэжыпIэкIэ гъэнщIауэ. А романхэр щыщхьэхьэсащ II-V тхыпльхэм.

КIыщокъуэ Алим и зы романи дунейм кьытехьагъэнкъым псалъэмакъ кьимытэджыкIауэ. Хьэ тепщ, накьырэр кьытхунгъаджэу, Iуащхьэмахуэ дыщэ шур. Дыщэ дадэу а шу хьыжьэм Дыхэжьаку щIэблэр фIощI. Iыгъэм ар ихьащи жыжьэ, Сэламыхьу Iуэр кьытхуэщI. Зыхуэсщ1ынут нэхъ гъунэгъун, Жьыбгъэ ткIийр кьысщодыхьэшх: «Шур зыдэкIуэм ун мыгутэ Унэсин, жи, пъэсу щIэх». Бгыщхьэ задэм, даун, занщIэу А цIыху щыпкъэр дэмыкIа. Мывэ гъуэгур зэпичупщIу, ПщIэнтIэпс куэд зрикъуэкIащ. Итъэс дапщэ кьигъэщIами, А Iыхьм дыщэ хуэмаIэху, Гугъуэхь и пкъым зыхищIакъым, КIуащ мащIэ текIуэдэн? Уан жьапщи пIэмылъэшу Хуейщ мы щыгъэм утетын. Иджы фепIтыт пIэпкъ уэрэдыр Акъыл нэхуКIэ зыиукъуэдийм: Хы уэгу щхъуантIэм нт тхъэмадэм Фащэу щыгъыр дыгъэ бзийщ. Щолыд бгъэгум Дыщэ Багъуэр, Ар уэгу ваГуэ зэпичыт иофIэкI. СопIэри дадэм, согъэщIагъуэ: Абрагъуэщ и зэфIэкI. Дадэ Iущым селъэIунщ, Усэ жьыз къеIысхынщ. ЗэкIэ бзэ сн хадэр мыхъуэм, Ар дахагъэм уэзгъэкIыжынщ. *1990 гъэ.*

• Къуэшым и псалъэ

Гугъущ уи кьэгъэшым утетхыхьыну, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ цIыхухэм жаIэнкIэ хъунущ: «Дунейм екъыжа къуэшыр, дауи, фIыкIэщ игу кьыззригъэкIынур, ар щыпсэуам сыт хуэдэу щытами, абы емылъытауэ...»

Аращ ди адыгэ хабзэ дахэмкIэ кьызэрезэгъэри. Ауэ ар тхакIуэфIу, и Iэдакъэщ1экIхэм купщIэ яIэу, уаущиуэ, зэрытха бзэри дахэу зэрыщытым куэдыр щыгъуазэщ. ТхакIуэфIым и мызакъуэу, жыларгъуэ дахьыгъэщхуэ иригъэкIуэкIыу, цIыхугъэшхуэ хальу, цIыхухэм ядэIэпыкIуу зэрыщытами щэч хэлъкъым. Аращ ар нобэ кьытхэмытыжкIи, фIыкIэ ягу кьагъэкIыжу газетхэм, кьыщIыгъраназэр, сахуэзэамэ, кьыщIыгъжаIэр. КIыщокъуэхэ ди лъэпкъым кьыбгъэдэкIыу сыхуейт ину фIыщIэ яхуэсщIыну Алим теухуауэ тхыгъэхэр зэхуэзэныхьэу кьытрезыгъадэ газетхэм я редакцIэхэм щылажьэхэм, абыхэм я унафэщIхэм, тхыгъэхэр зи Iэдакъэщ1экIхэм, Сыту жьпIэмэ, гъащIэм кьыпищэм хуэдэщ дунейм уеухыка нэужь, цIыхухэм фIыкIэ я гум укъинэмэ.

Дыкъелынщ абыи

АЛИМ кьытхэмытыжкIи, ар дэIэпыкъуэгъу зыхуэхъуэ куэдым ящыгъупщэжакъым. Хэти ар дэIэпыкъуащ ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьэнкIэ, хэти и тхылъ кьыдигъэкIынкIэ, хэти ахъшэкIэ е чанджэщкIэ.

Си къуэш Алим и тхыгъэхэм я мыхьэнэм, я купщIэм сэ сытепсэлъыхьыну схуэзфIэкIынукъым, ауэ сэ сыщыгъуэзэщ абы и Iэдакъэщ1экIхэм теухуауэ яхэсхьэнкIи сыщоигъуэ ящыгъуэ.

КIыщокъуэхэ ди лъэпкъым щыщу сэ Алим нэхъ сригъуэсэрейуэ, зысыхь нэхъ кьысхуищIу, и гухэлъхэр нэхъ кьызИуIэтылIэу къеКIуэКIащ. Сэрэ зэрыслъхьэрэ ЗэкIэ Москва сагъэкIуэ нэужь.

Зэгуэрым абы кьызжИэгъауэ щытащ мыпхуэдэу: «Къэтау, си къуэр ныбжькIэ щIалэщ, адыгэ хабзэхэми фIыуэ хищIыкIыркъым, и анэр зэрыгрысым кьыхэкIыу. Сэ уэ уэсэт пхуэощI сыIэлэмэ, си адэ-анэм сыбгъурыльу сыщIэфлъхьэжыну». ЛIэныгъэр жьыгъэ-щIагъэм емылъытами, сэ Алим и ужь сыкъинати, уэсэтыр лъэпкъым и нэхъыжьхэм яжесIэжри, згъэзэнIащ...

Си къуэшым деж сыщыщIихьэщIа зэманым си нэгу щIэкIаxэм щыщ-хэр газетеджэхэм яхуэсIуэтэжыну сыхуейт. Зэгуэрым Москва лэжьыгъэ ГуэхукIэ сагъэкIуауэ Алим деж сыпсалъэри сригъэзэхуэжу нужькIэ кьакIуэну, нхыжьжьи, ауэ Юрэ щыщIэкIыжьым гуфIэу жиIащ: «Хъунщ, Алим, уэ зэрыжьпIэм хуэдэу сщIынщ».

Зэгуэрым Алим деж сыщрихьэлIауэ щытащ Кьатхъэн Назир и кьуэ Мухьэмэд - генералым, техникэ щIэныгъэхэм я докторым, ЩIДАА-м и академикым. Мухьэмэд и адэм теухуауэ итха пьесэм хигъэпIэлъэну кьихьауэ арат. Алим ари кьигъэгугъат пьесэр зэригъэзэхуэжу нужькIэ кьакIуэну, нхыжьжьи, абы кьытхуигъэнащ и тхыгъэхэм я мызакъуэу, гур зыгъэхуабэ псалъэ IэфIхэр, Iуэхугъуэ куэд. Дэ псори Алим дыхуэарэзыщ, и ахърэтыр нэху хъуауэ Тхьэм кьыщIигъэкI.

КIЫЩОКЪУЭ Хьэмиду, *медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр. 2004 гъэ.*

Дыщэ Вагъуэ

ДЖЭДГЪЭФ Борис

КIыщокъуэ Алим деж

Нэм нтьагъур сыт тельыджэ,
Къыщхьэщцихьу дыгъэ нур,
Тетщ, накьырэр кьытхунгъаджэу,
Iуащхьэмахуэ дыщэ шур.
Дыщэ дадэу а шу хьыжьэм
Дыхэжьаку щIэблэр фIощI.
Iыгъэм ар ихьащи жыжьэ,
Сэламыхьу Iуэр кьытхуэщI.
Зыхуэсщ1ынут нэхъ гъунэгъун,
Жьыбгъэ ткIийр
кьысщодыхьэшх:
«Шур зыдэкIуэм ун мыгутэ
Унэсин, жи, пъэсу щIэх».
Бгыщхьэ задэм, даун, занщIэу
А цIыху щыпкъэр дэмыкIа.
Мывэ гъуэгур зэпичупщIу,
ПщIэнтIэпс куэд зрикъуэкIащ.
Итъэс дапщэ кьигъэщIами,
А Iыхьм дыщэ хуэмаIэху,
Гугъуэхь и пкъым зыхищIакъым,
КIуащ мащIэ текIуэдэн?
Уан жьапщи пIэмылъэшу
Хуейщ мы щыгъэм утетын.
Иджы фепIтыт пIэпкъ уэрэдыр
Акъыл нэхуКIэ зыиукъуэдийм:
Хы уэгу щхъуантIэм нт
тхъэмадэм
Фащэу щыгъыр дыгъэ бзийщ.
Щолыд бгъэгум Дыщэ Багъуэр,
Ар уэгу ваГуэ зэпичыт иофIэкI.
СопIэри дадэм, согъэщIагъуэ:
Абрагъуэщ и зэфIэкI.
Дадэ Iущым селъэIунщ,
Усэ жьыз къеIысхынщ.
ЗэкIэ бзэ сн хадэр мыхъуэм,
Ар дахагъэм уэзгъэкIыжынщ.

1990 гъэ.

Литературхэм я унэ нэхъыщхьэм КъБАССР-м и пшыхь щокIуэкI. ГуфIэгъуэ зэIуущIэм кърихьэлIащ Кулиев Къайсин, Тихонов Николай, КIыщокъуэ Алим. *1967 гъэ*



Зеикъуэ мэзым щагъэхьэщIэ. Алим кьыбгъэдэтхэщ *(сэмэгумкIэ кьыщыщIэдзауэ)* Къаскъул Iэбубэчыр, Абыти Iэ Хьэжмурат, Щоджэн Амралий сымэ. *1974гъэ*

Налшык кьеблэгъащ Ростов щыщ тхакIуэ Закрутким Виталий. Абы бгъэдэсхэщ КIыщокъуэ Алимрэ балъкъэр тхакIуэ Гуртуев Бертрэ. *1964гъэ*

КIЫЩОКЪУЭ Алим

ЛЫГЪЭ

Хьыбар

АЕМЫНЭУЭМ и гуфIэ дымышI, пщIыхьэпIэ Iей фIьагъэщI, жаIэу цIыхур щымэхьашэрт Къэрэмырэз, имыгъэшынэ щымыIэу. Езыр щыпсэуар Алыхьым фIэкIа зыщIэ щыIэтэкъым. Нэхъыбэм я гугъэт хьэпсым ис зашIэу и дунейр нху, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ зыгуэр Iэщ1эщIыхьыху, ягъэтIысырт, Iэщ1эмыщIыхьIауи куэд дигъэкIыртэкъым. Абы и хьыбар уэ зэхэпха, сэ зэхэха - эIуэщIыну хьуауэ кьыщIэнынти, зауэ зэкьыхьейм Iэщ1эщхэм я унафэкIэ хьэпсым ис лIыр ираджащ, абы хуэдэ лIыахьырэзмэнкъэ дзыхуэныкъуэр, зауэ-банэу дунейр щIихьыжь, дзэм кьыхэдвгъаши, ирезауэ жьыхуаIэу. Къэрэмырэзр кьыхьауащ «Iы-Iы» щыжимыIэм, къэрэгъул и гъусэу штабым ирагъэщащ, зэрыщысын хуеяри хуагъэтъури. ЗдэкIуар кьыхуэнэщхьыфIащ, Iэджэм щагъэгъугъыу кьеплъэльащ, зыхуейуэ лъэпкъыр кьыхуащIу ку кьагъэгугъащ: уIэгъ пхьашэщ, уябгэщ, лЫгъэщхуэ пхэльщ, уэ пхуэдэращ дзэ зэзышэн хуейр, жаIэурэ щытхъупсыр кьрагъэкIэжатэ, езыри кьэгумэщIауи кьыщIэкIынт, щIэупщIащ:

- Сыт хуэдэ кьулыкъ кьысхуэвгъэфащэрэ?

- Шу бригадэ удортри зешэ, Iэщ1эу зыхуеIэм хуэдизыр кьащтэ.

Къэрэмырэз дежкIэ бригадэр ку зэрыщIэ, улахуэ кьыхуагъэльэгъуар и пщIыхьэпIэм кьыхэмыхуауэ улахуэщхуэщ, нэхъыбэ ущIэупщIэну емылъыщ. Пэжт, дзэуэ кьратар бригадэ дыдэм зыщIэтэкъым, итIани дзэпщ1эущIэуэ бгъэжьэ, узыхуэчэмэр уэ кьэгъэуэтыж, улIэ пащIэ птетмэ. Къэрэмырэз арынщэми и пащIэм нэхъ зэлIалIэ щыIэтэжьым. ПащIэр фIыцIэщ, Iувщ, кIырщ, жьыжьэ уеплъмэ, япэ уи нэм кьыщIидзэр и пащIэращ, абы кьыкIэлъыкIуэ фэ вакъэ фIыцIэм ещхь и пэр, лЫкьытельдэжьаэу и нэшхуитIыр, тепщэм нькIуэ хуэдизэ хьу и тхьэжIумэр. Езыр нэпкъпэкъышхуэ хьужьэ, лЫ Iэпщащэжьт, кьыпщ1эхуэр зэпкърикуу. Дзэм ящыгъ фащэкIэ зихуэпа нэужь, нэхъ лЫ бжьыфIэж хуащ, пыIэ плъыжь щхьэритIэгъаи фIэкIа игу иримыхь цыхьэмыIэу. Кьамэ, сэшхуэ, кIэрапану диIэпи мы щыIэмыIэу. Кьамэ, сэшхуэ, кIэрапану диIэпи мы щыIэпэм кьольэтыкIри кьалэ гъунэм деж екIуэжыкIу щытI защ1эщи, бийм быдапIэу яIэр араш. ЩыIытым итри кьэри бомбэ-кIэ хьэбзабэ ящIа нэужь, Къэрэмырэз и дзэр щым епсыхщ, я кьамэ, я сэшхуэ, нэгъуэщI кьехьэльэкIын илъэпкъыр зыкIэрахауэ, ныбапхьэкIэ пщыуэр, дзэ ундэрэщхъуам гу кьыльамытэу, йопщылIэрэ, сигнал зэредгъэльэгъуу, зыкьаIэ, зы напIэзыпIэм бийм я быдапIэм тоуэ, топыщмрэ бомбэмрэ кьелар зэтраукIэ ри кьалэр кьащтэ. Гъмыгу э- жиIэри штабыр зезыхьэ инэралыр офицер зэхэтхэм кьеупщIащ, Къэрэмырэз нэхъ зыкьых уигъазэу. Къэрэмырэзр тхылъ ищIэртэкъыми, картэм итри исри - зыри кьыгурыIэртэкъым, ауэ ар абы тегуэвэвыхакъым.

- АIэ, хьарэынэщ: кьалэр кьапщтэрэ - кьалэ щIыбагъым щыIэу дэлъыр кьалэр кьэзыщтам яльос. Зауэр зэфIэкIмэ, фыIэрыхуейуэ вгушьж.

Дзэм ар захеГъэхи, сыкьыкIэрохури Iыхьэншэ сохьу, жиIэу пIащIэ-тхъытхъыу щыхур зэрыхьу кIуэнуущ. Къэрэмырэз щы сиIащ1эрэт жиIэу щэмыхьуэпсми, щы хуэмеиуэ дзэм зырыгъуэ? - жиIэри щыгъуэ зезыхьэ инэралыр офицер зэхэтхэм кьеупщIащ, Къэрэмырэз нэхъ зыкьых уигъазэу. Къэрэмырэз тхылъ ищIэртэкъыми, картэм итри исри - зыри кьыгурыIэртэкъым, ауэ ар абы тегуэвэвыхакъым.

- АIэ, хьарэынэщ: кьалэр кьапщтэрэ - кьалэ щIыбагъым щыIэу дэлъыр кьалэр кьэзыщтам яльос. Зауэр зэфIэкIмэ, фыIэрыхуейуэ вгушьж.

Дзэм ар захеГъэхи, сыкьыкIэрохури Iыхьэншэ сохьу, жиIэу пIащIэ-тхъытхъыу щыхур зэрыхьу кIуэнуущ. Къэрэмырэз щы сиIащ1эрэт жиIэу щэмыхьуэпсми, щы хуэмеиуэ дзэм зырыгъуэ губгъуэм и пIэмрэ я мыхьэнэмрэ нэхъ куу, нэхъ лъагэ хъуурэ ди лъэпкъым зэрыдзэгъуэрыкIуэнур - ахэр зи дэмыкухьыжьи, я пщIэри я мыхьэнэри зэи я щIыхьэ мыхъун, тхакIуэм и уэрэд кьина щIэблэхэм губзыгъагъэрэ акъылрэ кьыхах зэпытрэ щIаджыкIын хъугъуэфIыгъэ мылъытгъэщ.

Алим и кьалэмылъэм кьыщIэкIащ усыгъэ, прозэ, нэгъуэщI тхыгъэ зэмылIэужьыкIыуэ куэд. Абыхэм я нэхъыбапIэр щыпсэхуэхьсэуэ дунейм кьытекIащ тхыпльих - ахэр «Элбрус» тхыпль тедзапIэм 2004 - 2007 гъэхэм кьыщыдэкIащ.

Тхыпль тедзапIэм и лэжьакIуэхэм къарушхуэ ирахьлIащ. КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр зэгъэзэхуэуэ, тхакIуэм и Iэдакъэ кьыщыщIэкIа зэман ельытыкIэ зэкIэлъыхьауэ дунейм кьытекъэн папщIэ. Нэхъапэ дунейм кьыстехьауэ щытащ КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр зэкъэзэхуэ тхыпль зыбжанэ (пIлы хъууэ), ауэ абы щыгъуэ «дзыхь ящIакIым» тхакIуэм и тхыгъэ щхьэхуэхэр тедзапIэ, псалъэм папщIэ, «Нал кьута» романыр (абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ мэхъу, а романым иращIэкIауэ щыта псалъэмакъыр дигу кьэдгъэкIыжмэ). «Нал кьутар» - дунейм адыгэбзэкIэ кьыщытехьар иджыщ - абы хухахащ зи гугъу тщIы томиихым и епIланэ тхылъыр (епIланэ тхылъым, «Нал кьутам» нэмыщI, «Щынэхужьы-кIуэрэ», «Къуэжьейфэ» Iыхьэхэрэ итщ - ахэри дунейм адыгэбзэкIэ кьыщытехьэр иджыщ, «Iущхьэмахуэ» журналым тредзауэ зэрыщытам и гугъу уимыщIмэ).

КIыщокъуэ Алим литературэм зэрыхьыхьар уэсэкIэщ. Хэку зауэшхуэм и пIуэкIэ кьыдэкIауэ щытащ Алим и усэ пасэхэр щIэзыхуэхьсэ «Гъатхэ пэхэм дежи» тхылъыр (ар здищтэри, зауэм кIуауэ щытащ усакIуэр). А тхылъым и уэкьIэ дунейм кьытехьащ КIыщокъуэ Алим и усыгъэжь щIэзыхуэхьсэ тхылъ куэд - «Щынэ и гъуэгу», «ЩIалэгъуэ щынальэ», «Мывэ хуабэ», «Дамыгъэ», «Батырыбжьэ», «Вагъуэ махуэ», «Щхьэлыкъуэ», нэгъэщIэкIэри. А тхылъыхэм и усыгъэжэр щыщхьэхэщ апэ томым (усэхэм нэмыщI, апэ тхылъым хагъэхащ «Адэ», «Бажэ пшынэ», «Елбэздыкьуэ», «Тисей» поэмэхэри). Зи цIэ кьытIуэ тхылъ зыбжанэ и нэхъыбапIэр урысыбзэкIэ здзэкIауэ дунейм куэдрэ кьытехьащ, адыгэ усакIуэ тельыджэм и цIэр кьэрал псом щагъэIуащ, ар ди лъэкъэнэм и усакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм зэращыщым щIыхьэт техьауащ.

Усыгъэхэм я закъуэхьым КIыщокъуэ Алим цIэрыIуэ зэрыхьуар. ЩIэрыIуэ дыдэ ирихьауащ ар и романхэми - «Хъуэпсэгъуэ нурми», «Мазэ ныкъуэ щхьэунтIэмри», «Эмирым и сэшхуэмри», «Нал кьутами» - абыхэм ящыщ дэтхэнэри, ищхьэкIэ зэрыщIащи, ди лъэпкъым и тхыдэ и лъытэщ, ди зэман зэрыхьэзэрийм ри гъащIэ гугъуэсыгъэмрэ я пэжыпIэкIэ гъэнщIауэ. А романхэр щыщхьэхьэсащ II-V тхыпльхэм.

КIыщокъуэ Алим и зы романи дунейм кьытехьагъэнкъым псалъэмакъ кьимытэджыкIауэ. Хьэ тепщ, накьырэр кьытхунгъаджэу, Iуащхьэмахуэ дыщэ шур. Дыщэ дадэу а шу хьыжьэм Дыхэжьаку щIэблэр фIощI. Iыгъэм ар ихьащи жыжьэ, Сэламыхьу Iуэр кьытхуэщI. Зыхуэсщ1ынут нэхъ гъунэгъун, Жьыбгъэ ткIийр кьысщодыхьэшх: «Шур зыдэкIуэм ун мыгутэ Унэсин, жи, пъэсу щIэх». Бгыщхьэ задэм, даун, занщIэу А цIыху щыпкъэр дэмыкIа. Мывэ гъуэгур зэпичупщIу, ПщIэнтIэпс куэд зрикъуэкIащ. Итъэс дапщэ кьигъэщIами, А Iыхьм дыщэ хуэмаIэху, Гугъуэхь и пкъым зыхищIакъым, КIуащ мащIэ текIуэдэн? Уан жьапщи пIэмылъэшу Хуейщ мы щыгъэм утетын. Иджы фепIтыт пIэпкъ уэрэдыр Акъыл нэхуКIэ зыиукъуэдийм: Хы уэгу щхъуантIэм нт тхъэмадэм Фащэу щыгъыр дыгъэ бзийщ. Щолыд бгъэгум Дыщэ Багъуэр, Ар уэгу ваГуэ зэпичыт иофIэкI. СопIэри дадэм, согъэщIагъуэ: Абрагъуэщ и зэфIэкI. Дадэ Iущым селъэIунщ, Усэ жьыз къеIысхынщ. ЗэкIэ бзэ сн хадэр мыхъуэм, Ар дахагъэм уэзгъэкIыжынщ. *1990 гъэ.*

КъыщIагъуа дакъикъэхэр «къытхуолажьэ»

«Кубань» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:2 (1:1). Краснодар. «Кубань» стадион. Бадзэуэгъуэм и 12-м. Щыху 20 000 еплъащ.

Судьяхэр: КАРАСЕВ, Бобык (тIури Мэзкуу щыщщ), Барабаш (Ставрополь).

«Кубань»: Ботвиньев, Хьэгъущ, Джиоев, Засеев, Хохлов, Топчу, Ушенин (Байрыев, 60), Кайтэ, Лыс, Драман (Жавнерчик, 90+1), Траоре.

«Спартак-Налшык»: Лорие, Кисенков, Джудович, Амисулашвили, Ятченю, Леандру, Мэшыкъуэ, Концедалов (Джатэрывэ, 83), Гогэ (Концевой, 84), Пароди (Бикмаев, 69), Калимуллин.

Топхэр дагъэкIащ: Лыс, 44 - 1:0. Леандру, 45+3 - 1:1. Траоре, 76 - 2:1. Концевой, 90+2 - 2:2.

Дагъуэ ужащ: Ушенин, Кайтэ, Пароди, Байрыев.

МАЗЭМ щIигъукIэ зэпагъэуа премьер-лигэм и зэхьэзэхуэм тхьэмахуэ блэкIам щIидзэжащ. Епщыкlущанэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ, Краснодар щыз эIущIат «Кубань»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ». Зыгъэпсэхугъуэ зэманым къриубыдэу жыджэру зызыгъэхьэзыра налшыдэсхэм фIыкIэ уащыгугъ хъунут, ауэ нэхъыбэу укъэзыгъэгузавэр зыт - мыгъэрей джэгугъуэхэм зэрыщIадзэрэ езым и дежи щыдж эуу «Кубань»-м и гъуэм зы топи и хьэрхуэрэгъуэхэм къыхудагъэкIыфатэкъым.

ЗэIущIэр хьэщIэхэм жыджэру къыщIадзащ. Ипэ дыдэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ ди щIалэхэр краснодардэсхэм я гъуэм хуабжу ебгъэрыкIуащ. Апхуэдэу зыбжанэрэ Ботвиньевым и гъуэм еуащ Пароди, Гогэ, Калимуллин сымэ.

Зэман дэкIри, хэгъэрейхэм зыкъызэщIакъуэри, ди льэныкъуэмкIэ къызэрыхьащ. Хагуш къита топыр къызыIэрыхьа Лысыр еуащ штангэм блэлъэ ту. Хуэмурэ зэпэщIэтыныгъэр губгъуэм и кум къэIэпхъуащ. Дэтхэнэри хущIэкъурт и хьэрхуэрэгъур зэрыщыуэ а Iэмалыр кьигъэсэбэпыну. Апхуэдэу топыр къызыIэрыхьа Мэшыкъуэр жыжьэу щыту гъуэм еуащ, арщхьэкIэ «Кубань»-м и гъуащхьэтетыр абы хуэхьэзырт. ЗэIущIэм и щIэ дзэкIам хуэдэу, налшыкдэсхэр иджыри нэхъ жыджэрт хэгъэрейхэм нэхъ-рэ.



Джэгум и 31-нэ дакьикъэм «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр къызэIуихыну Iэмал хъарзынэ къыхуихъуэкIащ. Краснодардэсхэм я гъуащхьэхъумищым кьапекIуэкIыу гъуэм екIуэлIа Концевоим топыр гъуащхьэтетым щхьэпридзащ, ауэ хэгъэрейхэр штангэм къригъэлащ.

Куэд дэмыкIыу хэгъэрейхэми Iэмал кьахукъуэкIащ - Кисенковым къызригъэгъэза топыр Траоре и дежкIэ льэтащ икIи нужьрейр зымащIэкIэ гъуэм техуакъым.

Нэхъапэми хуэдэу, налшыкдэсхэр гупныж уэу егъэрыкIуэт, ауэ топыр щызэIэпахьм яIэщIэкIа щыуагъэм и зэран кьекIащ. Хэгъэрейхэм я контратакэр ди щIалэхэм хабзэм кьемыIэгъыу фIэкIа кьахуэпыдакъым икIи штрафноим льэщу еуа Лыс Артур бжыгъэр кьызэIуихащ - 1:0.

Къыкlэпьыкlуэ дакьикъэм «Спартак-Налшыкым» Iэхэр игъэзэкIуэжыфыну щытащ, арщхьэкIэ Леандру зэуа топыр гъуэм и щхьэм техуащ. Ауэ ди щIалэхэм я егъэгъыкIуэныгъэр абдеж щиучасыкьым. Абыхэм ящыщ шем Концедаловыр хэгъэрейхэм я гъуэм дэмыкIыжьэу щрайдащ - пенальти. Ар Iэзэу игъэзэщIащ Леандру икIи бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ - 1:1.

ЗэIущIм и етIуанэ Iыхьэри Къэбэрдей-Балькъэрым и командэм гукъыдэж иIэу къыщIидзащ. Япэ Iыхьэм дыщIагъуэ зэманым и кIэм бжыгъэр зэхуэдэ зэрищIыжьфам зи льэр псынщIэ дэхъуа Леандру иджыри гъуэм егъэрыкIуащ, ауэ ираудащ. Штрафноир псынщIэ дыдэу хьэщIэ хэм ягъэзэщIащ икIи «Кубань»-м и гъуащхьэтет гужьеяхэм топыр кьытрахьыуэ ди щIалэхэр зыбжанэрэ гъуэм еуащ, арщхьэкIэ хэрхуэрэгъуэхэм я льакъуэм техуэурэ кьигъэльеижьырт.

Хэгъэрейхэм я жэуапми куэдрэ зригъэжьакъым. Налшыкдэсхэм я гъуащхьэхъуэхэм яIэщIэкIри, гъуэм хуэкIуэу щIидзащ Драман. Ар псоми кьапекIуэкIащ, арщхьэкIэ гъуэм нэсыным метритху нэхъыбэ кьэмынэжауэ топым льэщу еуэри, гъуэм щхьэпригъэльэтащ. Я командэхэм кьаруущIэ халъхьэн мурадкIэ, теренрхэм футболистхэр зэрахьуэжкIыу щIадзащ. Ар сэбэн кьыхуэхьащ «Кубань»-м. ЗэIущIэм кьыхьхьагъащIэ Байрыевым топыр ди гъащхьэхъумэхэм кьатрихри, гъуэм пэгъунэгъуэу щыт Траоре хуигъэжащ. Иужьрейр льэщу абы еуэри, и командэр япэ иригъэщижащ - 2:1.

ЗэIущIэр иухыным дакьикъ пщыкIутху кьэнэжауэ арат. Налшыкдэсхэм икъукIэ зыхуэныкьуэ очкохэр яфIэкIуэдыныр шынагъуэ кьэхьуат. Хэгъэрейхэми кьэнжьа зэманыр зэрызэпашыным нэхъ хущIэкъуат.

ЗэIущIэм хухаха пIалъэр и кIэм нэблагъатти, судьям дакьикъищ щитгъуащ. КIэух бжыгъэр зыхьуэмэфауэ зи гугъа краснодардэсхэр бэлэрыгъащ. Ар кьагъэсэбэпащ зэманыр иухыху бжыгъэр зэхуэдэ щыжыным хущIэкъуа хьащIэхэм. Ди щIалэхэм жыжьэу кьата топыр Концевоим кьыIэрыхьащ икIи гугъущэ демыхьу ар гъуэм игъакIуэри, и командэм зы очко кьыхуихьащ - 2:2.

ЗэIущIэм и кIэух дакьикъэхэм нэхъ щIэужьыхьэу хуежьэ икIи абы и зэранкIэ топ мыIэ-мытIэу топ кьызыхудагъэкIыу щыта «Спартак-Налшыкым» кьигъэльэгъуащ иужь дыдэ дакьикъэр иухыху бэнэну иджы зэрыхьэзырыр.

Адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэу иухащ: «Зенит» - «Москва» - 1:0, «Тэрч» - ЦСКА - 1:1, «Ростов» - «Спартак» - 0:1, «Амкар» - «Динамо» - 3:1, «Локомотив» - «Томь» - 0:0.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ЗэIуIщIэ нэужьым

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Нобэрейр нэхъыфIу къызолъытэ

- Джэгур зэрекIуэкIар икъукIэ сигу ирихьащ, топ дэдгъэкIыну къыгъхуькъуэкIа Iэмал куэдыкIейр къытхуэмыгъэсэбэпами. Мы гъэм едгъэкIуэкIа адрей зэIущIэхэм нэхърэ нэхъыфIу къызолъытэ нобэрейр. Щыуагъэ гуэрхэри тIощIэкIащ, дыкъыхагъэщIэнкIи шынагъуэ щыIащ, ауэ зы очко зыIэрыдгъэхьащ.

ОВЧИННИКОВ Сергей, *«Кубань»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Щхьэусыгъуэ зыбжанэ

- ЗэIущIэмрэ кIэух бжыгъэмрэ зэхуэфащэу къызолъытэ. ДжэгукIэ тэмэм къэдгъэлъэгъуауэ схужьIэнуэкъым, абыи щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Абыхэм дыщыгъуазэщ икIи зэрыдгъэзэкIуэжыным яужь дитщ, ар дэ тхузэфIэкIынущ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Зэрызагъэпсэхуар пщIэншэу кIуэдакъым

«Кубань» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:4 (0:2). Бадзэуэгъуэм и 11-м. Краснодар. «Труд» стадион. Щыху 400 еплъащ.

Судьяр Смирнов (Кисловодск).

«Кубань»: Пузин, Миненко (Поминов, 75), Половов, Дмитренко (Шахов, 89), Квеквескири, Одинцов, Долженко, Винников (Слинько, 46), Скворнюк (Карибов, 86), Кучук, Долматов (Кабанов, 46).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн (Антипов, 89), Битокъуэ (Михеев, 46), Феррейрэ(Къумыкъу, 66), Плиев, Алчагиров (Гъэущокъуэ, 75), Балэ, Кхъуэнкъуэ (Гардиев, 79), Эрум, Михайлов, Гъубж (Борей, 54), Гъэущокъуэ А. (Пароди, 46).

Топхэр дагъэкIащ Балэм, 17 (0:1). Алчагировым, 30 (0:2). Эрумым, 60 (0:3). Михеевым, 88 (0:4).

Дагъуэ хуащIащ Полововым, Квеквескири, Пароди, Михеевым.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 11-м Краснодар щыз эIущIащ щыIэ «Кубань»-мрэ Налшык и «Спартак-Налшыкымрэ» я щIалэгъуалэ командэхэр.

ЗэIущIэр ди щIалэхэр ебгъэрыкIуэу щIадзащ. Япэ дакьикъэхэм кьыщыщIадзауэ, абыхэм псэхугъуэ иратакъым «Кубань»-м и гъуащхьэхъумэхэм. ИкIи епщыкIубланэ дакьикъэм кьыIэрыхьа топыр Iэзэу кьигъэсэбэпри, бжыгъэр кьызэIуихащ Балэ Рустам - 0:1. Зэман дэкIри, ар игъэбэгъуащ Алчагировым - 0:2.

ЗэкIэлъэхъэжьу кьыхудагъэкIа топитIым хэгъэрейхэм я гур ириудащ. Абыхэм я джэгукIэр зэтекIат, яхуэзфIэкIи щыIэжтэкъым.

ЕтIуанэ Iыхьэри япэм хуэдэ дыдэу екIуэкIащ. ЗэрыщIадзэжрэ куэд дэкIатэкъым «Спартак-Налшыкым» и гъущхьэхъумэхэмкъэ Эрум Валерэ бжыгъэр 0:3-м щыигъэсам.

Адэкъэ ди щIалэхэм джэгур зэрыхуейм хуэдэу ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм хэгъэрейхэм зы Iэмали иратыркъым я гъуэм кьекIуэлIэну икIи дэтхэнэ зы ебгъэрыкIуэныгъэри и кьежьапIэм и деж кьыщагъэувыIащ.

А псоми ищIыжкIэ, зэIущIэм хуэхаха зэманыр иухыным кьэнэжа щIагъуэ щымыIэу, кьыхуку ykIa Iэмалыр фIы дыдэу кьигъэсэбэпри, еплIанэ топыр дигъэкIащ Михеевым - 0:4. Ар щэч кьыз эптумыхьэн текIуэныгъат.

Щыгъуаз фахудощI адрей щIалэгъуалэ командэхэр зэрызэдэджэгуащ кьарикIуа бжыгъэхэм: «Химки» - «Сатурн» - 0:2, «Амкар» - «Динамо» - 1:1, «Крылья Советов» – «Рубин» - 0:0, «Ростов» - «Спартак» - 1:3, «Тэрч» - ЦСКА - 4:3, «Локомотив» - «Томь» - 1:0, «Зенит» - «Москва» - 3:2.

КЪЭХЪУН Бэч.

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

ШАВАЕВ Пагуэ Дулла и къуэр

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м и ныбжьыр илъэ 81-м иту дунейм ехыжащ ныкIалагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, КъБАССР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шаваев Пагуэ Дулла и къуэр.

Шаваев Пагуэ Совет районым ихьхьэ Шыкъы къуажэм 1929 гъэм къыщалъхуащ. Техникэ курыт щIэныгъэ зригъэгъуэта ноужь, 1944 гъэм Къыргъыз ССР-м щIэ «Тамчи» совхозым лэжьэн щыщIидзащ, а хэзыйтэм и хьэмапIэм и унафэщIу щытащ. Хэкум къигъэзэжри, 1957 гъэм къыщыщIэдзауэ Налшык политехникэ техникумым щылэжьащ.

Шаваев Пагуэ къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытыр наIуэ къыщыхьуар 1973 - 1994 гъэхэм Налшык къалэ промкомбинатым и унафэщIу щыщыта илъэсхэрщ. А эманым ар цIыхубэ депутатхэм я къалэ, район Советхэм хахащ. Пенсэм кIуэху «Насып» АО-м и унафэщIу лажьащ.

И лэжьыгъэ хьэзэлым кьыныкIэ зэрыщытыр Шаваевым кьыхуагъэфощащ «ГъащIэдэкIым и Бэракъ Пльыжь» орденыр, «IэнатIэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм папщIэ», «Ленин В. И. къызэралъхуэр ильэ- си 100 зэрырикъум пап- щIэ» медалхэр, ЩIыхь тхылъхэр. Абы къыфIащащ «КъБАССР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр.

Зэрыжьыдэжым, цIыхухэм зэрахуэгуапэм, гулыпитэ зэрахуищIым кьыхэкIыу, и лэжьэгъуэмэ и ныбжьэгъуэмэ абы пщIэшхуэ кьыхуащIырт.

Шаваев Пагуэ Дулла и къуэм и фэеплъымрэ и Iэужьыфlхэмрэ дапщэщи ди гум илъынщ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр
КъБР-м и Парламентым и Аппаратыр.

●Хъуэхъу

Лэскэн куейм хьихьэ
Ерокъуэ къуажэм щыщ
Ацкъан Миленэ
Мухьэмэд и пхъур къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэсий ирокъури, дохъуэхъу

Пщащэ гъэфIэным дынохъуэхъу IэфIыгъэрэ дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIа сабийгъуэ уиIэну, уи пщIэр льагэрэ уи псэр кьабзэу, акъылрэ Iуэхущ Iафэ дахэкIэ узыхэтыр кьыдэпхьэхьуэ, уи адэ-анэр, кьыбдалъхуахэр уэркIэ гушхуэу илъэс куэдкIэ упсэуну. Насыпрэ фIыгъуэкIэ Тхьэр кьэпхуэупсэ.

Уи адэ Мухьэмэд, уи анэ Заретэ, уи дэлъху цIыкIу Ислам.

●Гъэмахуэ-2009

«ХьэтIохъущыкъуей» лагерым гукъинэжу зыщагъэпсэху

Бахъсэн куейм хьихьэ Зеиныкъуэ къуажэм ипщэкIэ, щхьэнтIагъэкIэ къудей щIыпIэ дахэм деж кьыщызэрагъэпэща лагерым сыт щыгъуи сабийхэм яфIэфIу зыщагъэпсэху.

ЛАГЕРЫМ и унафэщI **Соблир Мусэ** къызэрыджиламкIэ, «ХьэтIохъущыкъуейм» сабийхэр 2006 гъэ лъандэрэ къокIуалIэ:

- Мы зэманым ди зыгъэпсэхупIэм Налшык къалэрэ Бахъсэн районым щыщ къуажэхэмрэ къикIауэ сабий 118-рэ щыIэщ, - щыгъуазэ дещI Мусэ. - IэнатIэ Iут адэ-анэхэм я бынхэм махуэ 21-кIэ, IэнатIэншэхэм ейхэм махуэ 15-кIэ ди деж зыщагъэпсэху. Тхьэмахуэщым кьриубыдэу зы сабийм сом 6300-рэ токIуадэ. А мылькур УФ-м социальнэ страхованэмкIэ и фондым и къудамэу республикэм щыIэм кьытхуеутIыпщ.

ГъэсакIуэ нэхъыжьхэу Мамхэгъ Анетэрэ Соблир Анетэрэ, гъэсакIуэхэу ЛампIэжь Динарэ, ШыкIэгъэс Залинэ, Ездэн Залинэ сымэ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр кьызыхуэтыншэу, гукъинэжу, щIэщыгъуэу ягъэкIуэн папщIэ яхуэзэфIэкI псори яджэк. ЩIафIэ Iэзэхэу Лосэн Ларисэ, Ует Майе, Сэбаншы Маринэ, ГъукIэ Рае сымэ кьэуат зыщIэлъ шхын зэмылIэужьыгъуэ куэд сабийхэм хуагъэхьэзыр. ЦIыкIухэм я узынщагъэ егъэфIэкIуэным я нэIэ тет зэпытщ зи Iэщ Iагъэм хуэIэижь дохутыр Тутыкъу Ритэрэ медсестра Къуэдзокъуэ Марьянэрэ. КIыщынэмыщIауэ, лагерым зыщызыгъэпсэху сабийхэр сыт и лъэныкъуэкIи яхъумэ милицэм и лэжьакIуэхэу ЩауэЛеонид, Къармокъуэ Азэрэт, Машэжь Беслъэн сымэ. «ХьэтIохъущыкъуей» лагерым и дэтхэнэ лэжьакIуэми и пщэ дэлъ жэуапныгъэр нэсу кьыгуроIуэ икIи щхьэж зыпэрыт IэнатIэр хуэпэжу ирехьэкI.

- Сабийхэм я ныбжь елытауэ зэщхьэщыхауэ дэ программэ убзыхуам тету ди лэжьыгъэр кьызыдогъэпэщ. Абы ипкъ иткIэ, лагерым унэтIынытэ щхьэхуэхэмкIэ кружок куэд щыIэщ, спорт секцэхэри гъуэжащ, - жеIэ лагерым и гъэсакIуэ нэхъыжь Соблир Анетэ. - ЦIыкIухэм я Iэпкъльэпкъым зедгъэукъуэдиин папщIэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэр пщэдджьыж гимнастикэкIэ къыщIыдодээ. Махуэ къэс лагерым джэгуакIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыдогъэкIуэкI, концертхэр, конкурсхэр, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр кьызыдогъэпэщ. КьищынэмыщIауэ, цIыкIухэм артист ныбжьыщIэхэри кьахуоблагъэ, зыплъыхьакIуэ дошэ.

«ХьэтIохъущыкъуейр» школакIуэхэм я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ республикэм и зыгъэпсэхуцIэ нэхъыфIхэм хабжэ. Гъэмахуэр нэгузыжьу ирахьэкIын папщIэ си сабийхэр лагерым кьэзыша адэ-анэхэри я бынхэм кьыхуащI гулъытэхэмкIэ хуабжьу арэзыщ.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

●Гу зылъытапхъэ

Гъуэгур тэрэзу зэпывупщI

Ильэсыр кьызрихьэрэ Налшык и гъуэгухэм насыпышагъуэ я кьышыхьуати, ильэс 16 ныбжьым нэс сабийбгъум фэбжь хахащ. Абыхэм ящыщу зыр автомашинэм исащ, етIуанэр скутерым тесащ, адрейхэр льэсырыкIуэщ. Нэхъыбэу а бIэтIэIуэхэр кьрикIуащ хабзэм кьемыцIэгъыу, светофорым хуит имыщIу гъуэгум зэпрыкIыну зэрыхэтам.

ГЪУЭГУМ зэрыщызекIуэн хуейм теухуа псалъэмакъэр школакIуэхэм щыдгагъэкIуэкIэ, гурыIуэгъуэ мэхъу абыхэм хабзэр зэращIэр, арщхьэкIэ абы тетыну, ягъэзэщIэну хущIэкъурхьым. Псом ящIэ ар зэльатар балигъхэм ягъэльагъуэ щапхъэрщ икIи зыщагъэгъупщэн хуейкъым, хабзэм щебакъуэкIэ, я сабийхэми ар кьызэрыдалъагъур.

Фигу кьыдогъэкIыж гъэзгу бэIутIэIуэхэм зыщIыхьумэн папщIэ зытетыпхъэ хабзэхэр: жэщым, дунейр щыуэтIпсытIым лъэс зекIуапIэхэм фытет, Iэмалышагъэ мыхъумэ, гъэзгу гъунэмэ фытемыхьэ. Зыщывмыгъэзгущэ: шоферым я нэхъ Iэзэми, зы меданым автомашинэр кьиГъуэвIэфынукъым; гъуэгур абы хуэхэа щIыпIэхэм деж щызэпывупщI; къэувыIауэ щыт автобусым кьыпэвмыкIухь, ар екъэхуэ фыпэплъэ; зи ныбжьыр илъэс 12-м нэмыса сабийр шоферым кьыбдгъурысу кьепшэкI зэрымыкъуНур зыщывмыгъэгъущэ.

ПщIэ зыхуэтщI адэ-анэхэ! Iэмал иIэмэ, фи сабийхэм уэздыгъэ нэхур кьызытещIыж щыгъынхэр кьаэрыхуэфщэхуным яужь фит.

КЪАЗИЙ Азэмэт.

Налшык къалэ УВД-м и ОГИБДД-м и лэжьакIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ХьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныр щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзыр, «Заман», «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпаниер, «Къэбэрдей-Балъкъэр ГТРК» ФГУП-р, «Налшык» ОРТК-р, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр, 1905 гъэм щыIа Революцым и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинатыр, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жамал Жэбир и къуэм** хуогуазэ абы и щыхъуэ **Рахаевэ Раисэ Жэбир и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр, Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэр КъБР-м и Парламентым и депутат **Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэм** хуогуазэ абы и адэ **Шаваев Пагуэ Дулла и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленины и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэ Iуэхущ Iанэ Iэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пиксмохэмкIэ - 42-22-88; етъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахущ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактор Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1,4-нэ нап.)*, Баиу ФатIимэ *(2,3-нэ нап.)*, корректорхэм я зэпыкъэгъуэ Иуан Заирэ. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, *суратыщI* Къарей Элинэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 9.896●Заказ №2245